# ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ XALQÍN SOCIALLÍQ QORǴAW STRATEGIYaSÍN TASTÍYÍQLAW HAQQÍNDA

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń

pármanı

Keyingi jıllarda xalıqtı sociallıq qorǵaw sistemasın jetilistiriw, sociallıq qorǵaw tarawına Ózbekstan Respublikası Mámleketlik byudjetinen ajıratılatuǵın qarjılardıń muǵdarın arttırıw hám qosımsha resurslardı tartıw, sociallıq qorǵaw baǵdarlamalarınıń qamtıp alıwın keńeytiw hám shańaraqlardı awır turmıslıq jaǵdaylardan alıp shıǵıwǵa qaratılǵan qosımsha mexanizmlerdi engiziw baǵdarlarında izbe-iz reformalar ámelge asırılmaqta. Atap aytqanda:

kem támiyinlengen shańaraqlardı anıqlaw hám olarǵa mánzilli járdem kórsetiw maqsetinde «Sociallıq qorǵawdıń birden-bir reestri» málimleme sisteması engizildi;

kem támiyinlengen napaqa alatuǵın shańaraqlardıń sanı keyingi úsh jılda tort esege artıp, 1,9 millionǵa jetti;

kem támiyinlengen shańaraqlardaǵı balalardı tárbiyalaw ushın tólenetuǵın napaqa menen qamtıw keńeyip, napaqa tayınlawda esapqa alınatuǵın balalardıń jası 14 jastan 18 jasqa shekem arttırıldı, bul tólem múddeti 6 aydan 12 ayǵa shekem hám napaqa muǵdarı ortasha 1,5 esege arttırıldı;

jumıssızlıq napaqalarınıń eń kem muǵdarları 3,2 esege arttırıldı, xalıqtıń bántligin támiyinlewge qaratılǵan 20 dan aslam jańa instrumentler engizildi.

2022-2026-jıllarǵa mólsherlengen Jańa Ózbekstannıń rawajlanıw strategiyasında belgilengen maqsetlerden kelip shıǵıp hám sociallıq qorǵaw tarawında sistemalı reformalardı izbe-iz dawam ettiriw hám bunnan bılay da jetilistiriw, xalıqtıń sociallıq qorǵalıw huqıqların támiyinlew, mámleketlik sociallıq járdem hám xızmetlerdi kórsetiwde nátiyjeli uyımlararalıq muwapıqlastırıwshı sistemanı jaratıw maqsetinde:

1. Ózbekstan Respublikası xalqın sociallıq qorǵawdıń tiykarǵı baǵdarları etip tómendegiler belgilensin:

sociallıq járdemge mútáj hám sociallıq napaqa támiyinlew normalarına juwap beretuǵın barlıq shańaraqlar hám shaxslardı sociallıq járdem baǵdarlamaları menen qamtıp alıw;

májbúriy sociallıq kepilliklerden, sonıń ishinde, sociallıq qorǵaw túrlerinen paydalanıw imkaniyatın tarawdı sanlastırıw esabınan keńeytiw, bul processke ashıq-aydınlıq principlerin engiziw;

xalıq ushın májbúriy sociallıq kepilliklerdi támiyinlew, mútáj qatlamlardıń sociallıq qorǵalıwın kúsheytiw;

mayıplıqtı belgilewdiń sociallıq modeline basqıshpa-basqısh ótiw hám imkaniyatı sheklengen hám mayıplıǵı bolǵan shaxslardıń bántligin támiyinlew;

xalıqtıń mútáj bólegin zamanagóy protez-ortopediya buyımları hám reabilitaciya quralları menen támiyinlew;

sociallıq xızmetlerdi xalıqqa tikkeley máhálle dárejesinde kórsetiw ámeliyatın engiziw.

2. Tómendegiler:

Ózbekstan Respublikası xalqın sociallıq qorǵaw strategiyası 1-qosımshaǵa muwapıq;

Ózbekstan Respublikası xalqın sociallıq qorǵaw strategiyasın maqsetli kórsetkishleri 2-qosımshaǵa muwapıq;

Ózbekstan Respublikası xalqın sociallıq qorǵaw strategiyasınıń 2022-2023-jıllarda ámelge asırıw boyınsha «Jol kartası» 3-qosımshaǵa muwapıq tastıyıqlansın.

Ózbekstan Respublikası xalqın sociallıq qorǵaw strategiyasında belgilengen maqsetli kórsetkishlerge erisiw maqsetinde, 2024-jıldan baslap «Jol kartaları» hár eki jılda Ministrler Kabineti tárepinen tastıyıqlanatuǵını belgilensin.

3. Qarjı ministrligi quramında yuridikalıq tárep statusına iye bolmaǵan Sociallıq qamsızlandırıw qorı dúzilsin.

Sociallıq qamsızlandırıw qorınıń jumısın qarjılandırıw dárekleri bolıp Ózbekstan Respublikası Mámleketlik byudjet qarjıları hám nızamshılıq hújjetleri menen qadaǵan etilmegen basqa da dárekler esaplanatuǵını belgilensin.

4. Sociallıq qamsızlandırıw qorı esabınan:

a) 2022-jıl 1-sentyabrden baslap mámleketlik sociallıq qamsızlandırıw boyınsha minimal tutınıw qárejetlerinen kelip shıǵıp hámiledarlıq hám tuwıw napaqaları tólenetuǵını.

Onda, xızmetkerdiń miynet stajında 1 ayǵa shekemgi tánepisler bar bolsa bul tánepislerden aldınǵı hám keyingi aylar izbe-iz jumıs stajın esaplawda qollanılatuǵını;

b) keleshekte mámleketlik sociallıq qamsızlandırıw boyınsha beriletuǵın napaqalar «Sociallıq qorǵawdıń birden-bir reestri» málimleme sisteması arqalı basqıshpa-basqısh tólenetuǵını belgilensin.

5. Medicinalıq-sociallıq xızmetlerdi rawajlandırıw agentligi (A.Inakov) Densawlıqtı saqlaw ministrligi (B.Musaev), Xalıq bilimlendiriw ministrligi (B.Saidov), Qarjı ministrligi (T.Ishmetov), Máhálle hám nuraniylardı qollap-quwatlaw ministrligi (S.Turdiev), Shańaraq hám hayal-qızlar mámleketlik komiteti (Z.Maxkamova) hám basqa da mápdar ministrlikler hám uyımlar menen birgelikte:

2023-jıl 1-martqa shekem mámleket tárepinen kepillengen hám biypul usınılatuǵın minimal sociallıq xızmetlerdiń dizimin qáliplestirsin hám tastıyıqlaw ushın Ministrler Kabinetine kirgizsin;

2023-jıl 1-iyulge shekem mámleket tárepinen kepillengen hám biypul usınılatuǵın minimal sociallıq xızmetlerdi kórsetiw standartların tastıyıqlasın.

6. Sociallıq qamsızlandırıw qorınıń shólkemlestiriliwi múnásibeti menen:

2022-jıl 1-sentyabrden Qarjı ministrligi janındaǵı Hákimshilik imaratlardan paydalanıw basqarmasınıń saplastırılıwı esabınan 3 shtat birliginen ibarat Sociallıq qamsızlandırıw qorınıń jumısın shólkemlestiriw bólimi;

byuljetten tısqarı Pensiya qorınıń atqarıw apparatı shtat birlikleri esabınan 2 shtat birliginen ibarat Sociallıq tólemlerdi «Sociallıq qorǵawdıń birden-bir

reestri» málimleme sisteması arqalı ámelge asırıw sektorı;

2022-jıl 1-sentyabrden baslap Qaraqalpaqstan Respublikası Qarjı ministrligi, wálayatlar hám Tashkent qalası hákimlikleriniń finans bas basqarmaları janında, olardıń ulıwma shtat birlikleri sheńberinde 2 shtat birliginen ibarat Sociallıq qamsızlandırıw qorı qarjıların basqarıw hám Sociallıq qamsızlandırıw napaqaları tólemlerin monitoring etiw bólimleri shólkemlestirilsin.

7. Ózbekstan Milliy málimleme agentligi, Ózbekstan Milliy teleradiokompaniyası, Málimleme hám ǵalaba kommunikaciyalar agentligi Qarjı ministrligi menen birgelikte usı pármannıń maqset hám wazıypaları baspa hám elektron ǵalaba xabar qurallarında, sonıń ishinde, Internet jáhán málimleme tarmaǵı arqalı xalıqtıń arasında turaqlı, sistemalı hám keń kólemde sáwlelendirip barılıwın támiyinlesin.

8. Qarjı ministrligi mápdar ministrlikler hám uyımlar menen birgelikte bir ay múddette nızamshılıq hújjetlerine usı pármannan kelip shıǵatuǵın ózgerisler hám qosımshalar haqqında Ministrler Kabinetine usınıslar kirgizsin.

9. Usı pármannıń orınlanıwın nátiyjeli shólkemlestiriwge juwapker hám jeke juwapker etip qarjı ministri T.A.Ishmetov belgilensin.

Pármannıń orınlanıwın dodalap barıw, orınlaw ushın juwapker shólkemlerdiń jumısın muwapıqlastırıw hám qadaǵalaw Ózbekstan Respublikası Bas ministriniń orınbasarı  J.A.Qwchqorovqa júklensin.

Ámelge asırılıp atırǵan ilajlardıń nátiyjeliligi boyınsha hár sherekte Ózbekstan Respublikası Prezidentine málimleme berip barılsın.

Ózbekstan Respublikası

Prezidenti Sh.MIRZIYoEV

Tashkent qalası,

2022-jıl 25-iyul